



Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SISPANSYON KONJÈLMAN ANBOCHAJ NAN ETA
A KI TE APLIKE PANDAN PANDEMI AN**

***Amelyorasyon sityasyon fiskal la ouvri wout pou ajans yo anboche avèk
konjèlman ki sispann lan jiska fen ane fiskal la***

***Ajans yo dwe rete vijilan ak priyore anbochaj pou aktivite misyon prensipal yo
pandan risk ekonomik COVID-19 la kontinye rete***

Li bilten Divizyon Bidjè a [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse sispansyon konjèlman anbochaj eta a jiska fen ane fiskal la, k ap sipòte efò rekiperasyon yo apre COVID-19 la. Sispansyon konjèlman anbochaj la fèt apre Gouvènè a te pibliye [Plan Finansye Eta](#) ajou a ki prevwa 2.1 milya dola nan revni pi wo pase pwojeksyon yo piske rekiperasyon ekonomik la depase atant yo. Pandan ajans yo kounye a kapab anboche san yo pa bezwen jwenn yon egzansyon dabò nan men Divizyon Bidjè a, yo dwe priyore anbochaj pou misyon prensipal yo epi kontinye jere resous yo ak pridans.

"Pandan n ap kontinye konbat pandemi an, nou dwe kenbe New York ap vanse epi sa gen ladan konstwi mendèv nou pou asire nou kapab sipòte Nouyòkè yo nan pi wo nivo", Gouvènè Hochul te deklare. "Sepandan, nou dwe kontinye aji yon fason responsab ak pridans avèk finans eta a pandan n ap travay pou ralanti pwopagasyon varyant COVID-19 Delta a epi ede asire tout biznis ak Nouyòkè yo rete san danje".

Leve konjèlman anbochaj la jsika fen ane fiskal la pral pèmèt ajans yo nan eta a grandi mendèv yo apre yon seri travayè nan Ajans Egzekitif yo te bese soti nan anviwon 118,000 anplwaye [atan](#) plen rive nan anviwon 107,500 anplwaye [atan](#) plen ant mas 2020 ak out 2021, poutèt rediksyon yo.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)